


BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013. Jumlah siswana nya éta aya 30 urang. Jumlah awéwéna aya 17 urang, sedengkeun jumlah lalakina nya éta aya 13 urang.

Pikeun leuwih jéntréna dipedar dina grafik ieu di handap.

Grafik 3.1
Jumlah Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta



3.2 Méthode Panalungtikan


Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi éksperimén. Méthode kuasi éksperimén nya éta méthode anu digunakeun ku cara ngayakeun kagiatan percobaan pikeun ningali kalungguhan hubungan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik. Méthode ieu digunakeun pikeun ngukur éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang.

3.3 Desain Panalungtikan

Méthode kuasi éksperimén mangrupa méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Méthode kuasi éksperimén atawa disebut ogé éksperimén semu nya éta méthode anu digunakeun dina hiji panalungtikan anu ngagunakeun kelas

ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Metode kuasi ékspérimén ieu digunakeun pikeun ngungkulan héséna dina nangtukeun kelompok kontrol dina nalika panalungtikan. Kamampuh siswa dina ieu panalungtikan diukur maké *Pre-test* jeung *post-test*, nya éta diukur nalika saacan naggunakeun perlakuan (prates) jeung sanggeus perlakuan (postes).

Aya tilu jenis desain anu dikategorikeun kana kuasi ékspérimén, nya éta (1) *One shot case study*, (2) *Pre-test and post-test*, jeung (3) *Static Group Comparison* (Arikunto, 2010:123). Panalungtikan ieu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén kalayan desain *Pre-test and Post-test Group*. Desain ieu leuwih dipikawanoh salaku desain saméméh jeung sabada dilakukeunana panalungtikan. kalawan struktur desain saperti ieu di handap:



Keterangan:

O_1 = Tés awal (*Pre-test*)

O_2 = Tés ahir (*Post-test*)

X = Perlakuan atawa *Treatment*

X nya éta perlakuan anu dilakukeun tur ditingali pangaruhna dina éta ékspérimén. Perlakuan nu dimaksud nya éta média *movie maker*. O_1 nya éta tés atawa observasi anu dilaksanakeun saméméh *perlakuan* dilumangsungkeun, sedengkeun O_2 nya éta tés atawa observasi anu dilaksanakeun sabada *perlakuan* dilumangsungkeun. Pangaruh *perlakuan* X bisa dikanyahokeun kalawan ngabandingkeun antara hasil O_1 jeung O_2 dina situasi anu kakontrol (Arifin, 2011: 77). Ku ayana desain panalungtikan ieu, panalungtik bisa ngahontal variabel luar anu mangaruhan ékspérimén.

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel Panalungtikan

Variabel panalungtikan nya éta hiji konsep anu dipaké dina panalungtikan. Nurutkeun Sugiono (2012:61), variabel panalungtikan téh nya éta hiji atribut atawa sifat, objék atawa kagiatan anu miboga variasi anu tangtu anu ditetepkeun ku panalungtik pikeun dipaluruh jeung dijieun kacindekana. Sedengkeun Hatch jeung Farhady anu dicutat ku Sugiono (2012:60) nétélakeun sacara tioritis variabel mangrupa atribut atawa objék anu miboga “variasi” antara nu hiji jeung nu séjéna atawa hiji objék jeung objék séjéna.

Dina panalungtikan anu maluruh pangaruh hiji treatment, ayana variabel bébas atawa panyebab (X) jeung variabel kauger atawa akibat (Y) (Arikunto,2010:169). Dumasar kana hal anu disebutkeun ku Arikunto, dina panalungtikan ieu anu jadi variabel bébas atawa panyebab (X) nya éta Média *Movie Maker*. Sedengkeun variabel kaugerna atawa akibatna nya éta kamampuh siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

3.4.2 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan ditétélakeun wangenan operasional tina ieu variabel di handap.

- 1) Éféktivitas pangajaran nya éta ukuran kasuksésan dina hiji prosés diajar-ngajar ngagunakeun média pangajaran pikeun nulis karangan éksposisi di kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang.
- 2) Média pangajaran nya éta komponén sumber diajar atawa sarana fisik anu ngandung matéri instruksional di lingkungan siswa anu bisa ngirut siswa pikeun diajar.
- 3) Média *movie maker* kaasup kana katégori média audio visual, pesen nu baris ditepikeun muncul dina wangun komunikasi audio visual. Diantara média pangajaran, média *movie maker* mangrupa média nu paling inovatif pikeun dipaké. Média *movie maker* mangrupa alat anu digunakeun dina waktu prosés

diajar-ngajar ngagunakeun média pangajaran pikeun nulis karangan éksposisi di kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang.

- 4) Nulis karangan nya éta hiji kagiatan ngébréhkeun idé kana tulisan anu dilaksanakeun ku siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun média *movie maker* jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.
- 5) Karangan éksposisi nya éta karangan anu dijieun ku siswa VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang, eusina ngajéntrékeun tur medar hiji obyék, prosésna, tujuanna, pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma.

Jadi maksud tina ieu judul panalungtikan “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013)”, nya éta tarékah anu dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi kalawan maké média *movie maker*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén nu digunakeun, sabab data nu diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan (masalah) jeung nguji hipotésis bakal kanyahoan ngaliwatan instrumén.

Nurutkeun Arikunto (2006: 149), instrumén nya éta alat bantu anu dipilih atawa digunakeun ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan éta kagiatan jadi sistem anu babari dipigawé.

Dumasar kana éta hal, bisa katitén yén instrumén téh kawilang penting dina ngahontal tujuan anu dipiharep. Ku kituna, instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data kudu disusun kalawan gemet pikeun ngahasilkeun data anu objéktif.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Dina prak-prakanana baris dilaksanakeun tés awal jeung tés ahir anu fungsina pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang saméméh ngagunakeun média *movie maker* jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.

Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés préstasi nyieun éséi, tés ieu dipilih lantaran dianggap luyu pikeun ngébréhkeun kamampuh hasil diajar-ngajar nulis karangan éksposisi kalayan objéktif. Téma anu disodorkeun dina ieu tés nya éta ngeunaan nyieun kadaharan. Pratés disodorkeun dua judul anu kudu dipilih ku siswa, nya éta cara nyieun tahu jeung cara nyieun endog asin. Sedengkeun postés ogé sarua jeung anu dilakukeun pratés, dina dina prak-prakanana siswa lain saukur disodorkeun judul tapi ogé diputerkeun vidéo *movie maker*.

Instrumén pratés anu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

1) Instrumén Pratés

Tést Ngarang

Jieun hiji karangan anu katangtuanana saperti ieu di handap:

1. Warna karangan: éksposisi
2. Loba karangan minimal 3-4 paragraf
3. Pilih salasihiji judul ieu dihandap:
 - a. Nyieun Tahu
 - b. Nyieun Endog asin
4. Komponén nu di peunteun:
 - (a) Kualitas jeung lingkup eusi
 - (b) Organisasi jeung tampilan eusi
 - (c) Gaya basa
 - (d) Éjahan
 - (e) Karapihan tulisan
5. Waktu 45 menit

2) Instrumén Postés

Tést Ngarang

Jieun hiji karangan anu katangtuanana saperti ieu di handap:

1. Warna karangan: éksposisi
2. Loba karangan minimal 3-4 paragraf
3. Perhatikeun vidéo *movie maker* anu diputer tuluy pilih salasahiji judul ieu dihandap:
 - a. Nyieun Tahu
 - b. Nyieun Endog asin
4. Komponén nu di peunteun:
 - (a) Kualitas jeung lingkup eusi
 - (b) Organisasi jeung tampilan eusi
 - (c) Gaya basa
 - (d) Éjahan
 - (e) Karapihan tulisan
5. Waktu 45 menit

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta observasi partisipatif jeung tés. Observasi pasrtisipatif nya éta observasi anu ngalibetkeun siswa jeung panalungtik sacara langsung pikeun nganalisis éféktivitas panalungtikan nya éta ngeunaan Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi ka Siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013.

Dina ngalakukeun observasi, panalungtik ngagunakeun tés pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi. Tés ieu ngawengku pratés jeung postés. Pratés mibanda tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun média *movie maker*. Sedengkeun

postés mibanda tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi sabada ngagunakeun média *movie maker*. Lian ti éta postés ogé mibanda tujuan pikeun nganyahokeun éféktif henteuna média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpul. Data nu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh awal (pratés) jeung kamampuh ahir (postés). Data anu dikumpulkeun dianalisis pikeun nguji hipotésis. Ku kituna data perlu diolah jeung dianalisis luyu jeung kapentingan panalungtikan.

Data hasil pratés dianalisis dumasar kana patokan meunteun anu geus dijieun. Terus data éta dikelompokkeun dumasar kana perséntasena, ku cara nafsirkeun dina wangun tabél. Hasil postés jeung postés dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho peunteun rata-rata siswa, standar déviasi jeung varian tina unggal kelompok. Lian ti éta, pikeun nyaho normalitas data perlu digunakeun uji normalitas. Sedengkeun pikeun nyaho homogén henteuna varian sampel, kudu ngaliwatan uji homogénitas. Saterusna dilaksanakeun uji gain pikeun mikanyaho bédana hasil pratés jeung postés.

Saméméh ngolah data anu disebutkeun di luhur, perlu dipeunteun heula karangan hasil siswa, anu engkéna ngahasilkeun data anu mangrupa angka-angka pikeun diitung. Analisis karangan anu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar *International Study of Achievement in Writen composition*, 1983 (Rahman, 2005: 74) anu ngawengku saperti ieu di handap.

1) Kualitas jeung lingkup eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina tulisan anu disusun ku siswa.

2) Organisasi jeung tampilan eusi

Ngawengku runtuyan kalimah anu sinambung antara kalimah kahiji jeung satuluyna, antara paragraf kahiji jeung saterusna.

3) Gaya basa

Milih gaya sarta tulisan anu merenah, katitén tina ngagunakeun kalimah anu éféktif sarta ngagunakeun basa anu bener.

4) Éjahan

Éjahan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, ngamimitian dina nulis, ngagunakeun rarangkén hareup, jeung tanda baca,

5) Karapihan tulisan

Karapihan tulisan mangrupa tampilan fisik, tulisan hasil murid anu bisa dibaca kalayan ngagunakeun hurup anu jelas.

Sangkan cara meunteunna leuwih gampang, kalayan rinci aspék-aspék anu dipeunteun aya dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.1
Pedoman Meunteun Karangan Éksposisi

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
A	B	C	D
Kualitas jeung Lingkup eusi	5	Hadé pisan	Ngarti pisan, pinuh ku gagasan, luyu pisan jeung topik, jéntré pisan
	4	Hadé	Ngarti, pinuh ku gagasan, luyu jeung topik, jéntré
	3	Sedeng	Ngarti kalawan ngawates, gagasan ngawates, jéntré kalawan ngawates
	2	Kurang	Kurang ngarti, kurang gagasan, kurang jéntré
	1	Kurang pisan	Teu ngarti, miskin gagasan, teu keuna jeung jejer
Organisasi jeung tampilan eusi	5	Hadé pisan	Eusi lengkep pisan, rinci pisan, logis, kohési luhur pisan
	4	Hadé	Eusi lengkep, rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
	3	Sedeng	Eusi lengkep, kurang rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
	2	Kurang	Eusi teu lengkep, kurang rinci, kurang logis, kohési tur luhur
	1	Kurang pisan	Eusi kurang pisan, teu rinci, urutan teu logis, teu aya kohési
Gaya basa	5	Hadé pisan	Merenah pisan, éféktif pisan, ngawasa pisan milih kecap anu merenah
	4	Hadé	Merenah, éféktif, milih kecap merenah

Siti Fadhila Wafa, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA MOVIE MAKER DINA PANGAJARAN NULIS KARANGAN ÉKSPOSISI : Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013
Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

	3	Sedeng	sautik salahna Merenah kalawan ngawates, éféktif, milih kecap merenah, aya kasalahan
	2	Kurang	Kurang merenah, kurang éféktif, kurang ngawasa milih kecap, loba kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu merenah, teu éféktif, teu paham milih kecap, loba pisan kasalahn
Éjahan	5	Hadé pisan	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, eu aya kasalahan
	4	Hadé	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, saeutik aya kasalahan
	3	Sedeng	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, kasalahan teu loba pisan
	2	Kurang	Kurang ngawasa kana kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu ngawasa kana kaédah nulis, teu cukup pikeun dipeunteun
Karapihan tulisan	5	Hadé pisan	Alus pisan, rapih, babari kabaca, beresih
	4	Hadé	Rapih, kabaca, saeutik corétan
	3	Sedeng	Kurang rapih, kabaca, loba corétan
	2	Kurang	Teu rapih, loba anu teu kabaca, loba corétan, kotor
	1	Kurang pisan	Teu rapih, tulisan teu kabaca
Jumlah Skor	5-25		

Kacindekan Skor

Hadé pisan : 25-22

Hadé : 21-18

Sedeng : 17-14

Kurang : 13-10

Kurang pisan : 9-6

Sabada méré peunteun dumasar kana aspék anu aya dina tabél, pikeun nangtukeun jumlah skor murni karangan éksposisi siswa digunakeun pedoman meunteun ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{Skor anu kahontal}}{\text{Skor idéal}} \times 100$$

3.8 Uji Sifat Data

3.8.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data nu fungsina pikeun mikanyaho normal henteuna data populasi nu digunakeun dina panalungtikan. Uji normalitas tujuanana pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat nu normal atawa teu normal. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- 1) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna
- 2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus:

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- 3) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$K = 1 + 3,3 \log N$$

- 4) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

- 5) Nyieun tabel frekuensi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél saperti ieu di handap:

Tabél 3.2

Format Frékuensi Peunteun Pratés jeung Postés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

- 6) Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun rumus.

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

\bar{X} = rata-rata (mean)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2005: 70)

7) Ngitung standar deviasi, carana nya éta:

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i - (\sum f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

8) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(a) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.3
Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O _i	bk	Z _{itung}	Z _{tabél}	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
χ^2							

(b) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(c) Nangtukeun batas kelas interval (bk)

(d) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

Siti Fadhila Wafa, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA MOVIE MAKER DINA PANGAJARAN NULIS KARANGAN ÉKSPOSISI : Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013
Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

- (e) Nangtukeun Z_{tabel}
 (f) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabel}1} - Z_{\text{tabel}2}$$

- (g) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

- (h) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005: 273)

- 9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$Dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005: 293)

- 10) Nangtukeun harga X^2_{tabel}

- 11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

$X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabel}}$, hartina data atawa populasi distribusina normal, tapi upama

$X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabel}}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Nangtukeun X^2_{tabel} kalawan tingkat kepercayaan 99%.

Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, kagiatan nu satuluyna nya éta uji homogénitas varian nu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik anu luyu.

3.8.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

1) Ngitung variasi (S^2) unggal kelompok

Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variansi tés ahir

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

2) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{S_1^2}{S_2^2}$$

3) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

4) Nangtukeun harga F_{tabel}

5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

(a) Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$ hartina variasi sampel homogén.

(b) Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$ hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 2005:250)

3.8.3 Uji Gain

Tujuan dilaksanakeunna uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil tést awal jeung hasil tést ahir. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013.

Léngkah dina uji gain nya éta ngagunakeun tabél saperti:

Tabél 3.4
Uji Gain Tés Awal jeung Tés Ahir

No.	Tés Awal						Σ	Tés Ahir					Σ	<i>d (Gain)</i>					Σ	
	A	B	c	d	e	A		b	c	d	e	a		b	c	d	e			

Keterangan:

a = Kualitas jeung Lingkup Eusi

b = Organisasi jeung Tampilan Eusi

c = Gaya Basa

d = Éjahan

e = Karapihan Tulisan

d = daya pembéda

Σ = jumlah

3.8.4 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta.

Siti Fadhila Wafa, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA MOVIE MAKER DINA PANGAJARAN NULIS KARANGAN ÉKSPOSISI : Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013
Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 1) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun tés awal jeung peunteun tés ahir. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- 2) Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna:

$$dk = n - 1$$

- 3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

- 4) Ngitung t, rumusna:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

t = tés signifikansi

Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi

n = jumlah subyék dina sampel

- 5) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria saperti:

- 1) Upama $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak, nya éta Média *Movie Maker* éféktif dipaké dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013.
- 2) Upama $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis nol (H_0) ditarima jeung hipotésis kerja (H_a) ditolak, nya éta Média *Movie Maker* teu éféktif dipaké dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013.

Siti Fadhila Wafa, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA MOVIE MAKER DINA PANGAJARAN NULIS KARANGAN ÉKSPOSISI : Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013
Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

(Arikunto, 2006:307).

3.9 Prosedur Panalungtikan

Léngkah-léngkah atawa prosedur anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta.

1) Tahap Tatahar

- a. Ngayakeun panalungtikan awal pikeun ngaidéntifikasi masalah anu perlu diungkulan. Dina ieu tahapan dilaksanakeun obsérvasi ngeunaan prosés pangajaran nulis basa Sunda sarta dialog ka guru jeung siswa di SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang.
- b. Ngajukeun judul skripsi sanggeus meunang masalah di sakola.
- c. Ngajukeun proposal skripsi.
- d. Nyusun silabus jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).
- e. Nyusun instrumént panalungtikan pikeun nglaksanakeun panalungtikan ka SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang ngeunaan Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi.
- f. Néangan sumber data jeung literatur ngeunaan média pangajaran, hususna média *movie maker*.

2) Tahap Palaksanaan

- a. Nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis karangan éksposisi jeung média *movie maker*.
- b. Nyiapkeun alat panalungtikan.
- c. Ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas.

3) Tahap Ngolah Data

- a. Ngumpulkeun data anu geus kacangking.
- b. Ngolah data hasil pratés.
- c. Ngolah data hasil postés.
- d. Nyusun laporan hasil panalungtikan.